*Қарақалпақстан Республикасы*
*Мәлимлеме – китапхана орайы*



# «Қарақалпақ халқының биринши илим докторы»

*Алым ҳәм жазыўшы Нәжим Дәўқараевтың библиографиясы*

*Нөкис – 2018*

# К И Р И С И Ў

Өзбекстан өз ғәрезсизлигин алғалы берли халқымыздың мәдениятын, илимин раўажландырыўда мүнәсип орны бар, ел-халық ушын пидайы хызмет еткен әдиўли инсанлардың мүбәрек атларын тиклеў, олардың халық ушын ислеген мийнетлерин мәңгилестириў, миллийлигимизди қайта тиклеў баслы мәселелердиң бири етип ортаға қойылды.

Биринши Президентимиз И. Ә. Кәримов өзиниң «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» атлы мийнетинде, бул жақты әлемде ең уллы мәртлик мәнаўий мәртлик екенлигин көрсете келе, «Жәҳән тарийхына нәзер таслайтуғын болсақ, қәлбинде, жүрегинде усындай мәртлик сезими оғада күшли болған инсанлар ҳәрқандай қыйын жағдайда да әдалат ҳәм ҳақыйқат жолында өзин аямай ел-журт ушын, Ўатан ушын қандай ибратлы ислерди әмелге асырғанын көриў мүмкин» (160-бет) деген еди.

Қарақалпақстанда өз халқы, өз миллети ушын жан күйдирип хызмет еткен Аллаяр Досназаров, Қасым Әўезов, Қазы Мәўлик усаған халықтың жүрек төринен орын алған, умытылмас уллы тарийхый тулғалар көплеп табылады. Солардың бири мәнаўий мәрт, дүньяға бир келген халықтың миллий санасының шамшырағы болған тарийхый тулға, белгили илимпаз, атақлы шайыр, драматург, жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик ғайраткер Нәжим Дәўқараев халықтың әсирлик руўхыятын жоқары баҳалап, оның миллет ретинде дүньяда бар екенлигин көрсете алған, пидайы инсан ҳәм дана азамат болды. Ол өзиниң терең билимлилиги менен, озық ойлы жазыўшылық таланты ҳәм инсанийлық минез қулқы менен өзгеше танылған қәлем ғайраткери еди. Шынында да Нәжим Дәўқараев әжайып инсан, оның дөретиўшилик жеңиси ҳәммеге үлги, ақылдың кәни, тәрбияның өзеги болды.

Нәжим Дәўқараев әдебият ҳәм көркем-өнердиң миллеттиң тәғдириндеги үлкен әҳмийетин түсинип, оның алтын мийрасларын изертлеп, биринши рет халықтың хызметине қойды. Ол уллы алым, жазыўшы ҳәм драматург, Қарақалпақстанда филология илиминиң тийкарын салыўшы инсан болып есапланады. Нәжим Дәўқараевтың дөретиўшилик жоллары өз заманында да, соңынан да айдын жол болып қала берди. Ҳәзир де Нәжим Дәўқараев салған илимдеги дәстүр даўам етпекте. Қарақалпақ халқының сүйикли перзенти, талантлы жазыўшы, драматург, дилмаш ҳәм әжайып илимпаз Нәжим Дәўқаравтың халқымыз ушын ислеген ҳәр бир иси халықтың жүрегинде мәңги сақланып келмекте.

«Илимге жол салмаға,
Доктор атағын алмаға,
Дәўқараевтай болмаға,
Қай бириңниң шамаң келди!» -

– деп шайырдың айтқанындай ол пидайылық мийнети арқалы елимиздеги әдебиятшылардың абыройлысы, зиялылардың басшысы, пүткил әдебияттаныў илиминиң раўажланыўына бағдар берип, әдебият процессиниң уйытқысы болған

илимпаз болды. Оның илимий жумыслары қарақалпақ әдебияттаныў, фольклортаныў илиминиң бүгинги ғәрезсизлик жылларында бизиң миллий идеологиямызды қәлиплестириўде, демократиялық жәмийет дүзиўде бизге жәрдем береди. Оның тәрбиялаған шәкиртлери, оның шөлкемлестириўшилик хызмети Қарақалпақстан илимниң бүгинги раўажланыў жолына негиз болды.

Ғәрезсизлигимиздиң бизге берген имканиятларынан пайдалана отырып, елимиздиң басып өткен жолынан үлги алыў, усындай ел азаматларының өмир жолын ҳәм дөретиўшилигин жас әўладларымызға таныстырып барыў бизиң ўазыйпамыз болып табылады. Усы мақсетте үлкемиздиң әдебият, мәдениият ҳәм илим тараўында пидайы мийнет еткен әжайып инсан Нәжим Дәўқараев ҳаққында биобиблиография таярлап отырмыз:

## Нәжим Дәўқараевтың өмири ҳәм илимий дөретиўшилик хызметлери

Қарақалпақстанда өз халқы, өз миллети ушын жан күйдирип хызмет еткен Аллаяр Досназаров, Қасым Әўезов, Қазы Мәўлик усаған халықтың жүрек төринен орын алған, умытылмас уллы тарийхый тулғалардың бири Нәжим Дәўқараев болып есапланады.

Атақлы илимпаз, жазыўшы ҳәм дилмаш, жәмийетлик ғайраткер, Қарақалпақстандағы биринши илим докторы Нәжим (Нәжиматдийин Саатдийин улы) Дәўқараев 1905 – жылы бурынғы Хийўа ханлығы Қоңырат беклигиниң Соркөл елатында (ҳәзирги Мойнақ районы Мойнақ хожалығы) халық миллий байлықларын қәдирлейтуғын белгили қурғын шаңарақта дүньяға келди. Қоңырат қаласының өзи тарийхый, сиясий стратегиялық жақтан патшалық Россия ҳәм Хийўа ханлығында белгили орынлардан есапланатуғын қала болды. Нәжим дәслеп ески аўыллық мектепте оқыйды, медиреседе тәлим алады, соңынан кеңес ҳүкимети тәрепинен ашылған жоқарғы оқыў орынларында билимин жетилистиреди. Оны жас ўақытларынан елдеги есап-сансыз фольклорлық байлықлар, халық миллий үрп - әдетлериндеги сырлы ҳәдийселер көп қызықтырады.

1924-жылы Оренбургқа келип оқыўға киреди. 1930-жылы Алма-Атадағы пединституты питкерип шығады. Институты питкергеннен кейин Қостанайдағы техникумда, соң Қазақ Халық билимлендириў институтында муғаллим болып ислейди. 1920-жылдың ақырында-ақ оның гейпара гүрриңлери баспада жәрияланды. 1934-жылы Қарақалпақстанда пединституттың ашылыўына байланыслы 19-июльде Қарақалпақстан Наркомпросының өтиниши бойынша Қарақалпақстанға жумысқа шақырылады ҳәм «Қарақалпақ тили ҳәм әдебияты» кафедрасын басқарыў ўазыйпасын жүклейди. Ол енди өмирин Қарақалпақстандағы илимий ҳәм педагогикалық жумысларға бағышлайды. Нәжим Дәўқараев ХХ-әсирдиң 20-30-40- жылларындағы адамзат ушын ең қыйын болған ашаршылық,

жоқ-жуқа, репрессия жылларында, мәдений мийрас елден жыйнап алынып жоқ етилген, екинши жер жүзилик урыс дәўириндеги аўыр жылларда елде хызмет етти, ол миллий әдебиятты, мәдениятты басқарды. Усындай қыйын жағдайларға қарамастан 1939-40-жылларда Қарақалпақстанда қарақалпақ тил илиминиң және де әдебияттаныў илимлериниң раўажланыўына үлкен үлес қосты Ол бул жылларда өз халқының, миллетиниң келешеги ушын уллы идеялар менен жасады.

Нәжим Дәўқараев 30-жыллардың өзинде-ақ тез ўақыттың ишинде аўқамдағы белгили түркологлардың қатарынан орын алды. Ол 1930-40-жылларда тек Қарақалпақстанда ғана емес, ҳәтте аўқамдағы үлкен алымға айланды.

Ол 1940-жыллары қарақалпақ жигит-қызларын Ташкент, Алма-Ата, Москва, Ленинград усаған үлкен Орайдағы институт ҳәм университетлерге және де аспирантураларға оқыўға жөнелтти. Ол өз ели, халқы ушын дүньялық илимге жол ашты. 1944-жылы Қарақалпақстан Министрлер Кеңеси жанынан Тил ҳәм әдебият илим-изертлеў институты ашылып, Нәжим Дәўқараев оның директоры болды. Бул институт 1947-жылы Экономика ҳәм мәдeният институты болып дүзилди, 1948-жылы Өзбекстан Илимлер академиясының қурамына алынды. (Өзбекстан Илимлер академиясының Қарақалпақстан Комплексли илим-изертлеў институты, 1959-жылы Өзбекстан Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы, 1992-жылдан Бөлими болды). Ол 1944-жылдан 1953-жылдың июлына шекем шекем, яғный өмириниң ақырына дейин усы Экономика ҳәм мәдeният институтының директоры болып иследи. Институт ашылған ўақтында я илимий кадрлары, я китапханасы, ҳеш нәрсеси жоқ ўақытта ол жумыс баслады. Н. Дәўқараев барлық шөлкемлестириў жумысларын жоқтан баслаўына туўра келди.

Нәжим Дәўқараев жаңа қарақалпақ әдебиятына талантлы прозаик сыпатында келип кирди. Оның дәслепки шығармалары жигирмаланшы жыллардың ақырында жазылды. Студентлик дәўиринде жазған «Көп күнлердиң бири» атлы гүрриңи 1929-жылы Алма-Ата қаласындағы «Жаңа мектеп» журналында басылып шықты. прозаиктиң «Интернатта», Партизанлар, «Тойға барғанда», «Бағман», «Бийбихан», «Өлимди писент етпеўшилер» усаған көлемли шығармалары қарақалпақ әдебиятында жаңа жанрдың қәлиплесиўи ушын үлкен әҳмийетке ийе болды. Сондай-ақ ол «Алпамыс» драмасы арқалы қарақалпақ әдебияты ҳәм көркем - өнериниң раўажланыўына салмақлы үлес қосты. Бердақтың дөретиўшилигин изертледи. Дүнья жүзилик әдебият үлгилеринен А.С. Пушкинниң «Капитан қызы», «Ғарғаның гүлдәстеси», Н.А. Некрасовтың «Темир жол», Л.Н.Толстойдың «Кавказ тутқыны», А.П.Чеховтың «Каштанка», «Ванка», В.М. Гаршинниң «Саяхатшы қурбақа», К.М.Симоновтың «Рус адамлары», В.Гюгоның «Гаврош» шығармаларын жоқары көркемлик дәрежеде ана тилимизге аўдарып, китап оқыўшыларына ылайықлы саўға қылды. Өзбек тилинен Алишер Наўайының «Фархад ҳәм Шийрин» дәстанын аўдарыўға қатнасты. Дилмаштың бул мийнетлери ҳәзирги күнге шекем өзиниң қунын жоғалтқан жоқ. Өткен әсирдиң 30-жылларында қарақалпақ тили ҳәм әдебиятының ҳәр тәреплеме изертлениўинде жәрдемлескен көплеген туўысқан халықлар алымлары бар еди, олардан Н.А.Баскаков, С.Малов, Е.Д.Поливанов, Ғ.Алфаров ҳәм басқаларды атап өтиўге болады. Аты аталған алымлардан айрықша профессор Н.А.Баскаковтың қарақалпақ филологиясының ҳәзирги күнги дәрежесине келиўинде салмақлы үлеси барлығын ҳеш ким

бийкарлай алмайды. Нәжим Дәўқараев усындай көрнекли әдебиятшы, тилши, тарийхшы алымлар менен де тығыз қатнасып, қарақалпақ әдебияттаныў илими, фольклоры бойынша пикирлесип, хатлар алысып турды. Н.А. Баскаков Н. Дәўқараевтың «Қарақалпақ әдебиятының тарийхы бойынша очерклер» атамасындағы монографиясына әдил баҳа берди. Атақлы түрколог өзиниң түркологияның әҳмийетли мәселелери, сондай – ақ қарақалпақ әдебиятына арналған мийнетлеринде Н. Дәўқараевтың изертлеўлерине айрықша баҳа берди, олар арасындағы илимий ҳәм дослық байланыслар узақ жыллар даўам етти.

Нәжим Дәўқараев баслаўыш ҳәм орта мектеплер ушын қарақалпақ тили ҳәм әдебиятынан сабақлықлар менен оқыў бағдарламаларын дүзиўге белсене қатнасты. Қарақалпақстан жасларының пүтин бир әўлады Нәжим Дәўқараев дүзген «Әлипбе»ден саўат ашып, «Оқыў китабы» арқалы қарақалпақ тили грамматикасынан өзлериниң билимлерин ҳәр тәреплеме жетилистирди. Усының менен бирге ол Г. Убайдуллаев, Қ. Айымбетовлар менен биргеликте латын графикасына тийкарланған қарақалпақ тили орфографиясын (имласын) дүзди ҳәм әдебий тил мәселелери бойынша бир қанша мақалалар жәриялады.

Нәжим Дәўқараев қарақалпақ әдебиятының тийкарын салған уллы илимпаз болды. Ол көп санлы илимий мақалалар, рецензиялар жазыў менен бирге қарақалпақ халық аўызеки дөретпелери, классикалық поэзия ҳәм жаңа қарақалпақ әдебияты туўралы ири-ири монографияларды дөретти ҳәм 1946-жылы «XIX әсирдеги қарақалпақ әдебияты» деген темада кандидатлық диссертациясын Өзбекстан Илимлер академиясы А.С.Пушкин атындағы Тил ҳәм әдебият институтында, 1951-жылы 12-февральда Москвада бурынғы аўқам Илимлер академиясының Шығыстаныў институтының Илимий кеңесинде «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери» деген темада докторлық диссертациясын табыслы жақлап, филология илимлериниң докторы илимий дәрежесин алған қарақалпақ халқынан шыққан биринши илим докторы болды. Ол жақлаған Илимий кеңеске профессор С.П.Толстов басшылық етти.

Нәжим Дәўқараев биринши рет қарақалпақ дәстанларының идеялық мазмунына, атқарылыўына қарап жанрлық жақтан айырды, дәстанлардың дөрелиў тарийхына тоқтады. Қарақалпақ халқының «Алпамыс», «Қырық қыз», «Қоблан» сыяқлы дәстанларын салыстырмалы-тарийхый, әдебий-тарийхый жақтан изертлеў жумысын жүргизди. «Алпамыс», «Қоблан» дәстанларының басқа халықлардағы вариантлары менен биринши рет салыстырып изертледи ҳәм қарақалпақ версиясының өзгешелигин көрсетти. Ал «Қырық қыз» дәстанының басқа халықларда версиясы жоқ, тек қарақалпақларда бар дәстан екенлигине тоқтады, оның әййемги матриархат дәўиринен, әййемги Окс жағасындағы ҳаяллар патшалығынан мағлыўмат беретуғын дәстан екенлигине тоқтады. Н.Дәўқараевтың қарақалпақ фольклоры жөниндеги мийнетлери бизиң фольклортаныў илимимиздиң тарийхын, теориясын ашып берген бүгинги күни әҳмийети күшли мийнетлерден есапланады.

Республикамыз ҳүкимети көрнекли илимпаз-жазыўшы ҳәм дилмаш Нәжим Дәўқараевтың илимий-дөретиўшилик мийнетлерин жоқары баҳалады. 1944-жылы оған «Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген муғаллим» ҳүрметли атағы берилди, бир неше орден ҳәм медаллар менен, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан

Жоқарғы Советлериниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды. 1947-жылы Өзбекстан Жоқарғы Советине, ал 1951-жылы Қарақалпақстан Жоқарғы Советине депутат болып сайланды.

Қарақалпақ халқының ҳадал перзенти, уллы илимпаз, жәмийетлик ғайраткер, талантлы жазыўшы, әдиўли устаз Нәжим Дәўқараев 1953-жылы 20-июльде 48 жасында тосаттан қайтыс болды. Ол өз шәкиртлерине илимпаз болыўдың, устаз болыўдың, өз халқын қалай сүйиўдиң үлгисин берип кетти. Өз халқына ҳеш гөнермейтуғын байлық  өзиниң әдебий, илимий мийнетлерин таслап кетти. Оның мийнетлери әдебияттаныў, фольклортаныў бойынша изертлеўлерде бүгинги жас илимпазлар ушын жол көрсетиўши жулдыз сыяқлы қәдирли болып, олар илимий жумысларды Нәжим Дәўқараевтың мийнетлериндеги пикирине сүйене отырып алып барады. Оның дөретиўшилиги мектеп, жоқары оқыў орынларының сабақлықларында өз орнын алған. Илимпаздың дөретпелери, оның хызмети, мийнетлери халқымыздың байлығы, бизиң миллий руўхый байлығымыз.

Нәжим Дәўқараев баслаған Қарақалпақстан илиминиң кәрўаны узақ жолға, бийик шыңға қарай өз мәнзилине бармақта.

## Нәжим Дәўқараевтың өмири ҳәм илимий дөретиўшилик хызмети даўамындағы тийкарғы сәнелер

**1905 – жылы** Қоңырат районында туўылған.

**1924 – 1925 - жылы** Оренбург қаласындағы Қазақ Халық билимлендириў институтының таярлық курсында оқыды.

**1925** – жылдың октябринде сол пединституты тамамлап, Қоңыратта округлик административлик судта инспектор болып иследи.

**1926** – жылдың мартынан июль айына шекем Төрткүлде областлық судта практикант болып ислейди.

**1926 – 1930** - жыллары Алма-Атаға келип, Қазақстан Жоқары  педагогикалық институтының агробиология бөлиминде оқып питкерип шықты.

**1928 – 1932** - жыллары Оренбург пединститутының қазақ тили ҳәм әдебияты факультетинде де оқып, бирден еки институтты питкерип шығады.

**1930 – 1932 -** жыллары Алма-Ата, Қостанай қалаларында техникумларда оқытыўшы болып иследи.

**1932** - жылы Уральск қаласындағы Қазақ педагогикалық институты ашылып, оған оқытыўшы етип жибериледи.

**1934 –** жылы Төрткүлдеги муғаллимлер институтында оқытыўшы, соң кафедра баслығы болып иследи.

**1939 – 1942** - жыллары Қарақалпақстан Жазыўшылар Аўқамының жуўаплы хаткери.

**1942–1944** - жыллары Көркем-өнер ислери бойынша Комитеттиң басқарыўшысы хызметин атқарды ҳәм К.С.Станиславский атындағы музыкалық драма театрының директоры болып ислейди.

**1944 -** жылы ҚҚАССР Министрлер Советиниң қасынан ашылған Тил ҳәм әдебият институтының директоры болып ислейди (бул институт 1947 – жылы Өзбекстан Илимлер академиясының Экономика ҳәм мәдeният институты болып өзгертилген)

**1944 -1953**-жыллары Өзбекстан Илимлер Академиясы мәдeният ҳәм экономика институтының директоры.

**1946 – жылы** «XIX әсирдеги қарақалпақ әдебияты» деген темада кандидатлық диссертация жақлап, қарақалпақ әдебияты бойынша биринши илим кандидаты болды.

**1948** - жылға шекем Қарақалпақстан Республикасы Жазыўшылар Аўқамын басқарды.

**1951 - жылы** «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери» атамасында докторлық диссертациясын табыслы жақлап, филология илимлериниң докторы илимий дәрежесин алған биринши илим докторы болды.

## Нәжим Дәўқараевтың алған атақлары

**1944 -** жылы оған «Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген муғаллим» ҳүрметли атағы берилди.

**1947** - жылы Өзбекстан Жоқарғы Советине депутат болып сайланды.

**1951** - жылы Қарақалпақстан Жоқарғы Советине депутат болып сайланды. Ол бир неше орден ҳәм медаллар, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Жоқарғы Советлериниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды.

**1965** - жылы Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы (1992- жылы бөлими болды) Тарийх, тил ҳәм әдебият институты оның атына қойылды.

## Нәжим Дәўқараевтың шығармалары

### қарақалпақ тилинде

**1961**

**1.** Революцияға шекем қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1961. – 208 б.

**1967**

**2.** Интернатта: гурриңлер. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1967. – 56 б.

**1968**

**3.** Шығармаларының толық жыйнағы. Т. 2. - Нөкис: Қарақалпақстан,1968 (ӨзССР илимлер акад. Қарақалпақ филиалы) Т. 1. – 484 б.

**1977**

**4.** Шығармаларының толық жыйнағы. Т. 2. - Нөкис: Қарақалпақстан,1977. – 355 б.

**1979**

**5.** Шығармаларының толық жыйнағы. Т. 3. - Нөкис: Қарақалпақстан,1979.- 359 б., Т. 3. Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери 1,2, 3 - бөлимлери

**1983**

**6.** Көрнекли алым: [70 жасқа толған юбилейине арналған] / А. Каримов әдебиятымыздың гейпара мәселелери. - Нөкис: Қарақалпақстан,1983. – Б. 149 – 150.

**1985**

**7.** Интернатта: [гуррин] // Әмиўдәрья. – 1985. - № 11. – Б. 106 – 107.

**1990**

**8.** Интернатта. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1990. - 44 б.

**Рус тилинде**

**1943**

**9.** Презирающие смерть: рассказ. – Нукус, 1943.

**1949**

**10** Счастливый труд: сб. рассказов. – Нукус, 1949.

**1959**

**11.** Очерки по истории дореволюционной каракалпакской литературы. – Ташкент: Акад. Наук УзССР, 1959. – 221 с.

**1978**

**12.** В интерната: рассказы /пер. каракалп. К. Досановой. – Нукус: Каракалпакстан, 1978. – 48 с.

## Нәжим Дәўқарев ҳәм оның шығармалары ҳаққында

**Қарақалпақ тилинде**

**1951**

**13.** Сағитов И. Қарақалпақтың биринши илим докторы: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Қзыл Қарақалпақстан. – 1951. – 24 февр.

**1954**

**14.** Орынбаев Н. Бердақ шаир: [Критика ҳамь библиография: Нәжим Дәўқараевтың «Бердақ шаир» шығармасы ҳаққында] // Қзыл Қарақалпақстан.- 1954. – 24 июль.

**1976**

**15.** Байниязов К. Нәжим Дәўқараевтың әдебий ҳәм илимий мийраслары: [Нәжим Дәўқараевтың туўылғанына 70 жыл толыў мүнәсибети менен] // Жас Ленинши. – 1976. – 27 февр.

**1977**

**16.** Нарымбетов Ж. Саўлатлы тулға: [Талантлы жазыўшы, терең ойлы илимпаз ҳәм уқыплы жәмийетлик искер Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Әмиўдәрья. – 1977. - № 4. – Б. 98 – 106.

**17.** Насыров Д., Пирназарова К. Нәжим Дәўқараев ҳәм қарақалпақ тил илими // Әмиўдәрья. – 1977. - № 4. – Б. 107 – 111.

**18.** Устазды еске алғанда: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Әмиўдәрья. – 1977. - № 4. – Б. 112 – 117.

**1980**

**19.** Баҳадырова С. Нәжим Дәўқараев шығармаларының үшинши томы // Сов. Қарақалпақстаны. – 1980. – 3 июль.

**1985**

**20.** Каримова А. Көрнекли устаз: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Әмиўдәрья. – 1985. - № 11. – Б. 105 – 106.

**21.** Мақсетов Қ. Нәжим Дәўқараев қарақалпақ дәстанлары ҳаққында // Әмиўдәрья. – 1985. - № 11. – Б. 102 – 104.

**1989**

**22.** Ахметов С. Устаз ағаның алақаны: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Әмиўдәрья. – 1989. - № 9. – Б. 103 – 106.

**1990**

**23.** Нәжим Дәўқараев: [еске түсириўлер]. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1990. -84 б.

**24.** Есемуратова Г. Умытпайман, Нәжим аға! Әдебий сәне: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Әмиўдәрья. – 1990. - № 8. – Б. 102 – 112.

**1993**

**Рус тилинде**

**25.** Кормилов С.И., Аманова А. Поэтика рассказа Н. Давкараева «В интернате» как явление становящейся литературы // Вест. Каракалп. Отд. Акад. Наук РУ. – 1993. - № 3. – С. 105 – 110.

**1994**

**Қарақалпақ тилинде**

**26.** Пахратдинов Ә. Нәжим Дәўқараев пенен Аббаз шайырдың ушырасыўынан // Еркин Қарақалпақстан. – 1994. – 12 июль.

**1995**

**27.** Алланиязов Б. Елим деп, илим деп гүрескен азамат илимпаз: [Нәжим Дәўқараевтың туўылғанының 90 жыллығы алдынан] // Қарақалпақстан жаслары. – 1995. – 10 авг.

**28.** Алланиязов Б. Тарийхтың гүнгирт бетлери ямаса Нәжим Дәўқараев идеологиялық қәте жибердиме?: [Әдебият тарийхы] // Әмиўдәрья. - 1995. - № 10. – Б. 111 – 114.

**29.** Аманнепесов Д. Нәжим Дәўқараевқа арнап: [Алымның 90 жыллығы алдынан] // Қарақалпақстан жаслары. – 1995. – 1 июнь.

**30.** Байниязов К. Мен соркөлде туўылғанман …: [Нәжим Дәўқараевтың туўылғанының 90 жыллығына байланыслы өмири ҳәм илимий дөретиўшилик хызметлери ҳаққында Жаңа мағлыўматлар] // Еркин Қарақалпақстан. – 1995. – 2 май.

**31.** Баҳадырова С. Әдебияттаныў илиминиң атасы: [Нәжим Дәўқараев 90 жаста] // Еркин Қарақалпақстан. – 1995. – 14 янв.

**32.** Есенов Ж. Илимпаздың изертлеў усылы ҳаққында ойласық: [Нәжим Дәўқараевтың туўылғанының 90 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. – 1995. – 4 февр.

**33.** Қалендеров М. Нәжим Дәўқараев (Нәжиматдин Саадатдин улы) ҳәм қарақалпақ тил билиминиң раўажланыўы // Қарақалпақстан жаслары. – 1995. – 9 нояб.

**34.** Қалендеров М. Нәжим Дәўқараев ҳәм қарақалпақ лексикографиясы // Қарақалпақстан жаслары. – 1995. – 3 нояб.

**35.** Пахратдинов Ә. Ел, халық ғамы менен жасаған алым: [Нәжим Дәўқараевтың туўылғанының 90 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. – 1995. – 5 авг.

**36.** Султанов К. Көрнекли илимпаз: [Нәжим Дәўқараевтың 90 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. – 1995. – 15 июнь.

**1997**

**37.** Худайбергенов К. Нәжим Дәўқараев ҳәм прозамыз // Сов. Қарақалпақстаны. – 1997. – 27 июнь.

**1998**

**38.** Мақсетов Қ. Нәжим Д1ўқараев Бердақ ҳаққында: [Бердақ Қарғабай улының туўылғанының 170 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. – 1998. – 16 июнь.

**2003**

**39.** Баҳадырова С. Нәжим Дәўқараев Бердақ шайырды қалай қарғады // Еркин Қарақалпақстан. – 2003. – 30 сент.

**2005**

**40.** Абдреймов З. Қарақалпақстанға илим сағасын ашқан алым: [Сазлы театрда алымның 100 жыллығына республикалық әнжуман болып өтти] // Устаз жолы. – 2005. – 17 дек.

**41.** Айымбетов Н. Тайғақ кешиўлерден өтип, мәңгилик мийрас қалдырған алым // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 22 дек.

**42.** Әбдреймов Ж. Уллы алым, жазыўшы, устаз: [Нәжим Дәўқареав ҳаққында] Әмиўдәрья. – 2005. - № 4. – Б. 117 – 120.

**43.** Базарбаев Ж. Алымымыз тәғдири – ел тәғдири еди: [ямаса оның даналығы, сол дәўирдеги алаўызлық ҳаққында ойлар] // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 22 нояб.

**44.** Байниязов К. Нәжим ағаның нәзери түскен еди: // Устаз жолы. – 2005. – 26 февр.

**45.** Байниязов К., Байниязов Т. Илимпаз ҳаққында жаңа мағлыўматлар: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 13 сент.

**46.** Баҳадырова С. Қарақалпақ фольклорын терең изертлеўши: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 15 февр.

**47.** Баҳадырова С. Нәжим Дәўқараев – Қарақалпақстан илимин шөлкемлестириўши: [Нәжим Дәўқараев 100 жаста] // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 19 июль.

**48.** Бекбергенова З. Мемуарлық дөретпелерде Нәжим Дәўқарев образының сәўлелениўи // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 5 нояб.

**49.** Дәўлетов А. Мектеп сабақларын дәслепки дүзиўшилердиң бири: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 2 авг.

**50.** Есемуратова Г. Алп анадан туўылады: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 2 июнь.

**51.** Есемуратова Р. Уллы талант ийеси еди: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 3 май.

**52.** Камалов К. Илим ҳәм ақыл шырағы елдиң саўлаты еди: (даўамы бар) // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 8 янв.

**53.** Камалов С. Қарақалпақстанға илим сағасын ашқан алым: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 14 июнь.

**54.** Қалендеров М. Тилимиздиң де жан ашыры еди: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Устаз жолы. – 2005. – 9 апр.

**55.** Қарақалпақ илиминиң тунғыш жулдызы: Қарақалпақстандағы биринши филология илимлериниң докторы, көрнекли алым, жазыўшы, белгили жәмийетлик искер, устаз Н. Дәўқараевтың 100 жыллығына арналған республикалық илимий – теориялық конференция материаллары 1 – 2 – июнь. - Нөкис: Өзбекистан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Н. Дәўқараев атындағы тил ҳәм әдебият институты, 2005. – 116 б.

**56.** Қәлимбетов Б. Қарақалпақ классикалық әдебиятының жанкүйери: [Нәжим Дәўқараев хаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 15 окт.

**57.** Нуржанов П. XX – әсир қарақалпақ әдебияты ҳәм Нәжим Дәўқараев мийнетлери: // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 3 нояб.

**58.** Пахратдинов Ә. Инсан мәпи менен жасаған алым: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 11 авг.

**59.** Пахратдинов Ә. Үлкен алым ҳәм қәдирдан устаз: [Нәжим Дәўқараевтың 100 жыллығына] // Мәдeният ҳәм спорт. – 2005. – 5 май.

**60.** Пахратдинов Ә. Халықаралық тайпадағы илимпаз: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Устаз жолы. – 2005. – 12 нояб.

**61.** Пахратдинов Ә. Халықаралық тайпадағы илимпаз: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Нөкис ҳақыйқаты. – 2005. – 14 июль.

**Рус тилинде**

**62.** Базарбаев Р. Исторические взгляди Н. Давкараева: [К со дня рождение Н. Давкараева] // Вести Каракалпакстана. – 2005. – 7 июня.

**63.** Бахадырова С. Основатель Каракалпакской науки // Вести Каракалпакстана. – 2005. – 4 июня.

**2008**

**Қарақалпақ тилинде**

**64.** Турсынов Б. Тағыда Дәўқараев ҳаққында // Әмиўдәрья. – 2008. - № 4. – Б. 100 – 104.

**2015**

**65.** Абдиниязов З. Уллы тулғаға бағышланды: Нәжим Дәўқараевтың 110 жыллығы мүнәсибети менен Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында республикалық илимий-теориялык конференция болып өтти // Қарақалпақстан жаслары. - 2015. - 26 дек.

**66.** Айымбетов, Н. Алымның мәртликке толы дөретиўшилик жолы: Атақлы алым Нәжим Дәўқараевтың 110 жыллығына // Еркин Қарақалпақстан. - 2015. - 28 апр.

**Рус тилинде**

**67.** Пирназарова К. Вспоминая Нажима Давкараева: [Память] // Вести Каракалпакстана. - 2015.- 4 апр.

**2016**

**Қарақалпақ тилинде**

**68.** Базарбаев Ж. Нәжим Дәўқараевтың мәнаўий мәртлиги: [Атақлы шайыр, илимпаз ҳәм драматург Н. Дәўқараев ҳаққында] // Әмиўдәрья. - 2016.- № 1. - Б. 62 – 65.

**69.** Пазылов, А., Әдилбекова З. Нәжим Дәўқараев - уллы устаз ҳәм педагог // Қарақалпақстан жаслары. - 2016.-16 янв.

***Дүзиўшилер:***
***Мағлыўмат библиография бөлими басшысы:*** ***Г. Аббазова***

***Мағлыўмат библиография бөлими***
***бас китапханашысы:*** ***Г. Тажимуратова***